

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Novel téh prosa rékaan nu ngawujud lalakon (*naratif*), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (*kompleks*) (Isnédés, 2010, kc. 39). Novel kaasup kana salasahiji wanda karya sastra anu bisa dijadikeun média pikeun ngagambarkeun pasualan-pasualan anu nyangkaruk dina kahirupan sapopoé, contona waé pasualan cinta anu raket patalina pisan jeung kahirupan sapopoé manusia.

Sakumaha pamadegan ti Isnédés (2010, kc. 11) yén sastra téh minangka produk tina prosés kréatif anu taya lian ti mangrupa éksprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana boh lisan boh tinulis. Unsur anu ngawangun dina karya sastra hususna prosa ngawengku tilu bagéan, nyaéta fakta, téma, jeung sarana sastra (Stanton, 2007, kc. 7-9).

Jaman kiwari réa pisan karya anu téma atawa gagasan dasarna ngeunaan cinta, boh téma cinta sagemblengna, boh carita cinta keur hiburan hungkul. Éta prosa hususna novel biasana kauger ku carita-carita cinta anu umum, saperti cinta antara manusia jeung Gustina, cinta manusia jeung kolotna, reujeung cinta manusia jeung manusia.

Ieu panalungtikan dihususkeun pikeun nitenan aspék romantisme cinta. Salasahiji novel anu patali jeung romantisme cinta dina caritana nyaéta novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma. Ieu novel miboga téma ngeunaan psikologis romantis antara lalaki jeung awéwé, nu nyaritakeun salaki jeung pamajikan na boga kasang tukang anu béda. Anah salaku pamajikan Tatang dicaritakeun teu kungsi sakola anu diistilahkeun ku Rustandi “bau lisung”, sedengkeun Tatang salakina Anah téh lulusan paguron luhur anu diistilahkeun ku Rustandi “bau gedong”, lamun dibandingkeun mah saperti tradisional-modéren, ménak-cacah.

Cinta téh masalah anu nyangkaruk dina kahirupan manusia ti jaman baheula. Saluyu jeung pamadegan Talino (2019, kc 71) yén masalah cinta téh mangrupa

masalah purba manusa, komo cinta antara lalaki jeung awéwé dipikaresep tur jadi hiburan keur masarakat. Ku kituna ieu carita ngahijkeun dua kasang tukang budaya anu bédha lantaran cinta nu ngagalura di antara dua jalma. Tatang jeung Anah papanggih waktu Tatang ditugaskeun gawé di désana Anah. Tatang salaku insiyur ditempatkeun di imah Anah. Poé ka poé, Tatang jeung Anah beuki deukeut baé nepi ka rumah tanggana. Tapi, lantaran kasang tukang rumah tanggana, Bu Danu, indungna Tatang, teu méré doa ka Anah anu cacah kuricakan téa. Éta hal ngabalukarkeun rumah tangga Tatang jeung Anah jadi aya pasualan. Tapi éta pasualan, justru mageuhan cinta antara Tatang jeung Anah.

Rustandi salaku pangarang ngagambarkeun kasang tukang budaya tokoh-tokoh, konflik antara dua budaya jeung cara ngudaranana éta konflik. Dina basa anu ringkes tapi pinuh ku siloka, silib-sindir, plastis jeung asosiatif, sarta disusun ku kaparigelan dina nulis carita, éta hal nu ngajadikeun kapunjulanana. Salian ti éta, aya aspék-aspék romantisme antara tokoh-tokohna anu matak kataji ku nu maca. Ieu hal dijadikeun alesan pikeun panalungtik nitétan novel perkara aspék romantisna nu diulik ku psikologi humanistik sastra sarta dipatalikeun jeung tiori segitiga cinta ti Robert Sternberg.

Mh. Rustandi Kartakusuma atawa sok disebut Uyus téh salahiji pangarang anu lahir di Ciamis, 27 April 1921, sarta tilar dunya 11 April 2008 di Cibubur. Rustandi ti bubudak geus kaciri bakat nulisna. Saréngséna kuliah, Rustandi ngamimitian nulis puisi, tuluy nulis naskah drama anu jejerna *Perabu jeung Puteri*. Ieu naskah drama dipintonkeun kalawan jejer “*Indonesia Tanah Pusaka*” nu pamaénna para rumaja pelajar anu kaasup kana tentara pelajar.

Riwayat pagawéan jeung pangalaman Mh. Rustandi Kartakusuma di antarana: (1) guru Bahasa jeung Sajarah Indonésia, (2) pamingpin *Utusan Kementrian Penerangan* di Kepulauan Sunda Kecil (Bali jeung Nusa Tenggara Barat), (3) pupuhu *Balai Penerangan Sunda Kecil*, (4) pagawé *Kementrian Pertahanan Bagian Penerangan*, (5) dosén *Bahasa Indonesia* di Yale University, Amerika Serikat, (6) dosén Harvard University, gawé bareng jeung *Massachusset Institut Technology* ngeusi *program Summer Course* (1952), (7) delegasi pangarang

Indonésia di *Kongres PEN Club Dublin*, Irlania, (8) pembantu *Atase Kebudayaan RI* di Paris, (9) ketua *Tim Juri Inti Sayembara Besar Mengarang Departemen Pendidikan dan Kebudayaan dan Balai Pustaka* (1965-1966), jeung (10) rédaktur majalah *Harmoni*, koran *Mandala*, sarta majalah basa Sunda saperti *Manglé, Nirmala*, jeung *Gondéwa*.

Novel anu témana cinta geus réa digunakeun kitu deui dina genre prosa, puisi, jeung drama. Ieu hal mangrupa salahiji fénoména anu aya di masarakat sosial. Téma cinta dipikaresep ku unggal jalma jeung teu matok kana umur, barudak, rumaja, jeung déwasa. Novel anu témana cinta hususna di tatar Sunda réa pisan, tapi panalungtikan anu niténan aspék romantisme dina novel kaitung saeutik. Novel Sunda ogé lolobana nyaritakeun ngeunaan dapur jeung kasur anu kaasup hal cinta. Novel anu témana salian ti cinta ogé sok ditambahan unsur cinta antara tokohna ku pangarang, ieu hal nu jadi hiburan pikeun nu maca.

Sinopsis ieu novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma, ieu novel medar psikologis romantis dina caritana. Ku kituna, panalungtik baris ngulik ieu novel ku psikologi sastra salaku péso bedahna. Ari psikologi sastra mangrupa panalungtikan sastra nu mangpaatkeun tiori-tiori kajiwaaan pikeun mikanyaho tokoh-tokoh dina karya sastra, paripolah pangarang, jeung paripolah sosial pamaca (Emzir & Saifur, 2016, kc. 191).

Dina ulikan psikologi sastra aya patalina jiwa jeung sastra, nurutkeun Wellek & Warren (1997, kc. 81) patalina élmu jiwa jeung sastra kabagi jadi sababaraha, nyaéta: (1) panalungtikan jiwa pangarang salaku individu; (2) panalungtikan kana prosés nyiptakeunana; (3) panalungtikan tipe-tipe jiwa jeung norma-norma dina karya sastra; sarta (4) pangaruh sastra ka masarakat.

Psikolog méré wangenan cinta ku cara maham wangun cinta anu bédha. Napsu cinta tina cinta romantis gumantung kana individu jeung objék cinta, ayana napsu jeung kahayang pikeun babarengan. Napsu séksual anu kuat munculna tina rasa cinta. Nurutkeun kajian cinta romantis, cinta jeung resep téh sarua. Ngeunaan cinta anak ka indungna ogé didasaran ku pangabutuh anu silih lengkepan (Krech dina Minderop, 2011, kc. 477).

Panalungtikan ngeunaan psikologi sastra geus réa dilaksanakeun, tapi palungtikan ngeunaan romantisme dina ulikan psikologi sastra anu sageblengna nilik karya tina kontéks pangarang, karya, jeung pamaca téh can aya, hususna panalungtikan dina basa Sunda. Aya sababaraha panalungtikan anu aya patalina jeung ieu panalungtikan di antarana waé: (1) “Karakteristik Tokoh-Tokoh Novel *“Rajapati Di Pananjung”* (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Adisti Nur Aziza taun 2016; (2) “Novel *Imutna Nu Panungtung* pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di Kelas XI SMA (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Karin Nurayyuni taun 2016; (3) “Tokoh dina Novel *Pipisahan* Karya RAF (Kajian Psikologi Humanistik)” ku Gugun Dedi Guntara taun 2008; (4) “Romantisme dalam Novel *Laila Majnun* karya Syekh Nizami Ganjavi” ku Azizatul Hasanah ti STKIP Sumenep; (5) “Romantisme dalam Novel *Kerudung Merah Kirmizi* karya Remy Sylado” ku Indra Pratiwi ti UNG; (6) “Romantisme dalam Novel *Sebuah Cinta yang Menangis* karya Herlinatiens” ku Joko Prasetyo ti UNG; (7) “Romantisme dalam Novel *Kala Cinta Menyapa* karya Mitha Juniar dan Anisatun Aminah Nurhidayah” ku Fitriyah Saleh ti UNG; (8) “Unsur Romantis sebagai Pembentuk Estetika dalam Novel *Kau, Aku, dan Sepucuk Angpau Merah* Karya Tere Liye” ku Agus Yulianto ti Balai Bahasa Provinsi Kalimantan Selatan; (9) “Romantisme dalam Novel *Peter Pan* Karya J.M. Barrie” ku Xineth Abygail Mazebia; jeung (10) “Analisis Teori The Triangle of Love dari Robert J. Sternberg dan Tragedi pada Novel *Sekai No Chuushin De, Ai Wo Sakebu*” ku Yosy Meitasari ti UDP.

Dina panalungtikan anu ayeuna dilaksanakeun, aya sasaruaan jeung békédaan jeung panalungtikan saméméhna. Sasaruaanana nyaéta ngagunakeun ulikan psikologi sastra pikeun ngaguar aspék romantis. Jaba ti éta, aspék romantis dina ieu panalungtikan dipatalikeun jeung tiori “*triangular of love*” ti Robert Sternberg. Békédaanana lebah novel nu dijadikeun bahan panalungtikan anu can kungsi ditalungtik saméméhna dina widang kasusastraan.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Aspék Romantis dina Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* Karya Mh. Rustandi Kartakusuma (Ulikan Psikologi Sastra)” perlu dilaksanakeun.

Anisa Julianingrum, 2023

ASPÉK ROMANTIS DINA NOVEL SABOBOT SAPIHANÉAN SABATA SARIMBAGAN KARYA MH.

RUSTANDI KARTAKUSUMA (Ulikan Psikologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Legana pasualan anu diébréhkeun dina ieu panalungtikaan téh diwatesan dina idéntifikasi masalah, nyaéta:

- 1) struktur carita dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan*;
- 2) aspék romantis tokoh-tokoh utama dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan*; jeung

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan, nyaéta kieu.

- 1) Kumaha tokoh jeung penokohan, latar jeung alur dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan*?
- 2) Kumaha aspék romantis tina tokoh carita anu dipatalikeun jeung tiori *The Triangle of Love* ti Robert J. Sternberg?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan téh pikeun nambahán kajian dina widang sastra utamana anu ngulik aliran romantisme ngagunakeun pamarekan psikologi sosial jeung tiori *The Triangular of Love* ti Robert J. Sternberg salaku péso pikeun ngaguar ieu panalungtikan.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana tujuan umum, tujuan husus dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsiun:

- 1) tokoh jeung penokohan, latar jeung alur dina novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan*; jeung
- 2) aspek romantis tina tokoh carita anu dipatalikeun jeung tiori *The Triangle of Love* ti Robert J. Sternberg.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta nambahán pangaweruh jeung pamahaman dina ngajén karya sastra, hususna kajian kritik sastra aliran romantisme dina ulikan psikologi sosial kana salahiji novel Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) pikeun panulis, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun cecepengan pikeun bahan pangajaran novel nalika jadi guru;
- 2) pikeun pamaca, bisa ngajembaran pangaweruh sarta pamahaman dina ngapréiasi karya sastra, hususna ngeunaan ulikan psikologi sastra ogé bisa neuleuman leuwih jero aspek romantis anu aya dina karya sastra éta.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap mangrupa raraga tulisan dina ieu panalungtikan anu ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan tiori-tiori anu digunakeun patali jeung ulikan struktural, psikologis humanistik sastra, aspek romantisme cinta, sarta *The Triangular of Love* ti Robert J. Sternberg.

Bab III Métode Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil jeung pedaran ngeunaan ulikan struktural dina novel, hubungan psikologis humanistik sastra jeung aspék romantisme cinta, sarta *The Triangular of Love* ti Robert J. Sternberg.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan jeung implikasi tina ieu panalungtikan sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.